

# ADEGING NGIPAK

“Banyu pinerang ora bakal pedhot”

(pasulayane sedulur ora bakal medhotake pasedulurane)

(Saloka Jawi Kuno)

## A. ASAL-USULIPUN DESA NGIPAK

Sejarah kedadosanipun Desa Ngipak wonten sambetipun kaliyan sejarah dumadinipun kabupaten Gunungkidul. Sakderengipun Gunungkidul Madeg Kabupaten, sampun sami sumerep bilih dipunawiti wontenipun pemukiman desa ingkang kasebat Pongangan ingkang dipunsuhi dening Ki Surameja. Panjenenganipun minangka keturunan R. Dewa Katong, sedherekipun Raja Brawijaya.

Rikala semanten, tlatah Gunungkidul taksih mujudaken wono gung liwang liwung. Wonten salah setunggaling desa ingkang pun lenggahi pelarian saking kerajaan Majapahit. Desa ingkang pun pimpin R. Dewa Katong menika nami Pongangan ingkang papanipun wonten sak leripun Kantor Balai Desa Karangmojo sakpunika.

Saksampunipun R. Dewa Katong pindah dhateng desa Katongan, kirang langkung 15 Km sak leripun Pongangan, putranipun ingkang asma R. Surameja mbangun desa Pongangan. Saengga sangsaya dangu sangsaya rame lan regeng. Dangu-dangu kawontentan ing Pongangan kapireng dening Raja Mataram Sunan Amangkurat Amral ingkang lenggah wonten ing Kartasura. Lajeng raja Mataram punika utusan Senopati Tumenggung Prawirapekso murih nanjihaken kabar kalawau.

Saksampunipun kabuktekaken, Tumenggung Prawirapekso paring pemut lan nyuwun dumateng R. Surameja amrih nyuwun palilah utawi ndherek nyawiji dateng Raja Mataram Kartasura. Awit dene tlatah punika kaanggep mlebet wonten ing tlatah panguaosipun Mataram.

Wonten ing cariyos punika R. Surameja mboten kersa, wekasan kedadosan bondoyudo ingkang njalari R. Surameja pejah. Mekaten ugi putra kekalih lan putra mantunipun. Ki Pontjodirjo, putranipun R. Surameja wekasan pasrah bongkokan lajeng kaliyan Pangeran Sambernyawa pun angkat dados Bupati Gunungkidul ingkang sepisan.

Cariyos sanesipun kawedharaken dening Sukiman Siswa Suganda, sesepuh lan ugi mantan dhalang, warga Padhukuhan Sanggrahan Desa Umbulrejo Kecamatan Ponjong. Miturut Sukiman, sakderengipun Desa Karangmojo, langkung rumiyin

ingkang dipunpanggeni lan dipundadosaken pemukiman punika Desa Pongangan (sisih ler Balai Desa Karangmojo sakpunika). Kacariyosaken bilih trah Majapahit pancen ingkang dados cikal bakal warga desa mriki.

Sukiman ingkang nate dados anggota tim pelacak adeding kabupaten Gunungkidul rikala tahun 1985 punika ngendikakaken bilih keturunan Jaran Panoleh ingkang bibar dhateng Gunungkidul nggadahi keturunan R. Kenduruan ingkang samangke nggadahi keturunan Ki Surameja. Pancen tokoh-tokoh ingkang kasebat menawi dipunteliti lelandhesan sumber-sumber sanesipun ugi dados tokoh wonten ing tlatah saknjawining Gunungkidul.

Cariyos kekalih kala wau (cariyos sepindhah kaliyan ingkang pun tuturaken Sukiman) badhe kepanggih sami nalika nyariosaken wontenipun bala tentara Mataram Kartasura ingkang nyuwun supados Ki Surameja ngakeni utawi nyawiji mlebet tlatah ingkang pun pimpin Sunan Amangkurat Amral. Kacariyosaken, tlatah ing pundi Ki Surameja gesang pancen dereng dados perangan utawi mlebet wonten ing tlatah panguaosipun satunggaling praja, sedaya gesang wonten ing kelompok-kelompok ing pemukiman desa kanthi mardika. Rikala semanten Surameja mboten kersa nyawiji dhateng Mataram, pun rodo paripeksa nanging tetep kemawon mboten kersa lajeng nglawan

utusan saking Mataram. Surameja menika sakti mandraguna, rombongan tentara saking Mataram Kartasura saged katumpes tapis dening Surameja lan para pendherekipun.

Saksampunipun kawon, Mataram ngintunaken malih balatantra Kartasura ingkang dipunpangarsani Ki Tumenggung Prawiropekso. Prastawa perang lan plajar-plajaran antawisipun bala Mataram lan R. Surameja menika ingkang samangke nuwuhaken nami-nami tlatah wonten ing sakiwo tengenipun tlatah Karangmojo. Nami-nami kala wau tetep dipun kenal lan diagem ngantos dumugi sakpunika.

Nalika mengsah ngoyak plajaripun R. Surameja ngagem turangga (jaran), kuda utawi jaran punika pejah, lajeng panggenan punika samangke kasebat Jaranmati. Mengsah ngantos kasoran lan nggumun awit saking kasektenipun Ki Surameja. Awit saking punika bala tentara Mataram nyuwun pirsu babagan kasektenipun Ki Surameja dumateng sedherekipun Ki Surameja piyambak. Piyantun ingkang pun suwuni pirsu samangke lajeng dados Demang Jaranmati Karangmojo.

Miturut saking cariyos, bilih kasektenipun Ki Surameja manjing wonten ing jimat awujud tusuk kondhe ingkang mapan wonten ing rikmanipun. Rikmanipun Ki Surameja punika sanget panjang, lajeng tusuk kondhe punika kajemparing mengsah saenggo kondhe utawi gelungan risak, tusuk kondhe dhawah

lajeng rikma ngantos dumugi wonten ing siti, saklajengipun suku Ki Surameja kegubet dening rikmanipun piyambak. Prastawa punika kedadosan wonten ing sak kilenipun Jaranmati, utawi sak kidulipun Pongangan, saengga tlatah kala wau kawastanan Dokgubet.

“Awit saking kegubet menika, Ki Surameja katumpes dening balatantra Mataram Kartasura. Saksampunipun kacepeng, piyambakipun kasidang lajeng badhe pun pejahi”. Mekaten aturipun Sukiman (dalang wayang kulit senior). Ki Surameja pesen kaliyan putra wayah keturunanipun, awitdene piyambakipun sampun kawon, menawi warga badhe dherek utawi mlebet dados peranganipun Mataram Kartasura utawi nganut agami enggal kasumanggakaken, namung kemawon sampun ngantos nilaraken adat tradhisi.

Ki Surameja kacariyosaken wusananipun pun pejahi, katigas jangganipun lan prastawa punika kedadosan wonten ing pasaran pahing. Lajeng putra wayah saklajengipun ingkang ngesuhi paprentahan kademangan Jaranmati punika putra turunanipun adik Ki Surameja inggih punika Demang Poncowasesa. Miturut katerangan Waluya, tokoh seni budaya warga Jaranmati, Ki Poncowaseso kagungan 10 putra, antawisipun Ki Josetiko, Ki Demang Kertowedono, Nyi Pari, Ki Demang Mangun Dikoro, Nyi Tumbu, Ki Sabarudin (makam wonten

Gedangrejo), Ki Muhammad (makam wonten ing Padukuhan Karangwetan, Ngipak), Ki Poncowijoyo, Ki Ronojemiko, lan Ki Potroso.

Demang Jaranmati saksurutipun Ki Poncowaseso lajeng kagantos dening Ki Demang Mangundikoro I (makam wonten ing padukuhan Karangwetan, Desa Ngipak). Saksampunipun Ki Demang Mangundikoro I, Demang Jaranmati dipungantos dening Ki Demang Mangundikoro II (makam wonten ing padukuhan Karangwetan, Desa Ngipak).

Mekaten sekedhik bab cariyos ingkang samangke badhe mbikak utawi maringi margi pangertosan dumadosipun Desa Ngipak ingkang nalika semanten mlebet wonten ing tlatah panguaosipun Kademangan Jaranmati.



Foto 15. Pasarean Mangun Dikoro I

## 1. CARIYOS SEPISAN

Kala semanten, Desa Ngipak menika mlebet wonten ing tlatah Kademangan Jaranmati ingkang dipunsuhi dening Ki Demang Mangundikoro I. Sasurutipun Ki Demang Mangundikoro I, ingkang gumantos nglenggahi kademangan inggih punika putranipun ingkang asma Ki Demang Mangundikoro II. Sasurutipun Ki Demang Mangundikoro II, tata rakiting pamrentahan dipun ewahi dening Walandi lan Kademangan Jaranmati kaperang dados kalurahan-kalurahan, antawisipun Kalurahan Ngipak.

Tembung Ngipak asalipun saking tembung *Ngi (wingi)* lan *pak (dipapak)*. Ingkang suraosipun bilih menawi kala wingi wonten salang-surupipun pemanggih antawisipun para warga enggal-enggal karampitaken murih saenipun kanthi rembagan. (tembung kasaripun : *dipapakke*).

Punika cariyos sepindhah mila bukanipun tembung ngipak ingkang samangke pun agem kangge tetenger utawi nami Kalurahan Ngipak.

## 2. CARIYOS KAPING KALIH

Ing sakawit Desa Ngipak punika kalebet tlatah wewengkoning Kademangan Jaranmati. Nalika semanten ingkang amengkoni Kademangan Jaranmati nuninggih Ki Demang Mangun Dikoro I. Sasurutipun Ki Demang Mangun Dikoro I, ingkang gumantos nglenggahi kalenggahan Demang

inggih putranipun ingkang asma Ki Demang Mangun Dikoro II, nunggak semi ramanipun.

Sasurutipun Ki Demang Mangun Dikoro II, tata rakiting paprentahan dipun ewahi dening Walandi, awit nagari kita kajajah dening Walandi. Kademangan Jaranmati kaperang dados kalurahan-kalurahan, ing antawisipun : Kalurahan Karangmojo, Kalurahan Ngipak, Ngawis lan Kelor. Inggang amengkoni satunggaling Kalurahan inggih dipun sebat Ki Lurah. Prastawa kasebat kadadosan ing warsa 1920 M.

Tembung Ngipak punika asalipun saking tembung lingga ipak, lajeng pikantuk ater-ater hanuswara nga. Ater-ater hanuswara wau kangge nedhahaken bilih punika mujudaken papan panggenan. Kadosta Ngipak : Panggenan ingkang kathah wit ipik. Punika cariyos ingkang kaping kalih asal-usulipun tlatah Ngipak ingkang kasebataken bilih tlatah punika kathah taneman utawi wit ipik. Mila samangkenipun tlatah punika kasebat Kalurahan Ngipak.

Saking kalih cariyos punika, dereng saged mesthekaken pundi cariyos ingkang sakleres-leresipun. Namung kemawon sadaya sesepuh-pinisepuh, perangkat Desa lan sadaya masyarakat Desa Ngipak ngormati lan ngakeni cariyos kekalih kalawau.





Foto 16. Wit Ipik

## **B. PARENTAHAN ING KALURAHAN NGIPAK**

Ingkang amurwakani madeg minangka Lurah ing Kalurahan Ngipak inggih punika Ki Lurah Kerto Yudo kaleres

rayinipun Demang Mangun Dikoro II. Nalika semanten sinaosa tata rakiting paprentahan ngagem cara Walandi, nanging lir - gumantosipun kalenggahan kaprajan tetep ngangge tata cara kasultanan, inggih punika kanthi lelandhesan turun-temurun.

Mila sasurutipun Ki Lurah Kerta Yudo, ingkang nggentosi dados Lurah inggih putranipun ingkang asma Ki Lurah Padmo Dimejo. Lurah wau anggenipun ngasta mboten dipun mangertosi tahun-tahun surutipun, namung ingkang kawuningan bilih Ki Lurah Padmo Dimejo punika seda ing warsa 1946 M.

Sasampunipun Indonesia mardika ing warsa 1945, tata caraning paprentahan sampun dados pamarentah Republik. Lir - gumantosipun kalenggahan mboten adhedhasar run-tumurun, nanging mawi cara pamilihan. Pangageng ingkang saged nglenggahi kalenggahan tartamtu kedah ingkang kapilih dening rakyat. Dados ing mriku rakyat nggadhahi hak kagem cawe-cawe ing kaprajan. Makaten ugi ing Kalurahan. Inggih saged dados Lurah inggih punika tiyang ingkang kapilih dening peranganing rakyat ingkang paling kathah cacahipun.

Dene ing Kalurahan Ngipak nalika semanten ingkang pinilih dados Lurah inggih punika Ki Lurah Samsu Sastro Wiharjo. Panjenenganipun dados Lurah wiwit warsa 1946 ngantos 1960, lajeng seda. Lurah pinilih salajengipun inggih punika Ki Lurah Ratib Cipto Rudito. Sak surutipun Lurah Ratib Cipto Rudito, Ki

Lurah Samiyo Padmo Hartono katetepaken dados lurah, nglenggahi kalenggahanipun Ki Lurah Ratib Cipto Rudito, wiwit warsa 1965 ngantos 1982, lajeng seda.

Dene Kepala Desa ingkang pinilih sasurutipun Ki Lurah Samiyo Padmo Hartono inggih punika Kepala Desa Sekar Hadi Prabowo. Panjenenganipun ngasta minangka Kepala Desa wiwit warsa 1982 ngantos 2014, awit Ki Sekar Hadi Prabowo punika saged kapilih malih ing pamilihan Kepala Desa candhakistanipun, inggih punika ing warsa 2002. Ing warsa 2014 ing Desa Ngipak dereng dipun wonteni pemilihan Kepala Desa awit nengga badhe wontenipun Pemilihan Kepala Desa serentak ing wewengkon Kabupaten Gunungkidul.

Mila kangge ngawekani bab punika, murih anggenipun ngladosi warga masyarakat mboten randhat, kalenggahan Kepala Desa dipunlenggahi dening Pejabat Sementara (PJS) inggih punika Ki Gunadi, Sekretaris Desa Ngipak nalika semanten.

Nembe ing warsa 2015 ing saindenging wewengkon Kabupaten Gunungkidul dipunadani Pemilihan Kepala Desa serentak, kangge wekdal hamengku paprentahan 2015 ngantos 2021. Dene Kepala Desa ingkang pinilih ing periode punika nuninggih Ki Bambang Setiawan, S.Pd.I.

### C. PANGUKUHAN ARI DUMADINING DESA NGIPAK

Kanthe lelandhesan wiwara riwayat Desa Ngipak kasebat, murih gancar lampahing pangukuhan dinten dumadining Desa Ngipak perlu dipunwonteni tim pamawas dinten dumadosipun Desa Ngipak. Kanthe mekaten Kepala Desa lajeng damel serat kekancangan magepokkan kaliyan tim pamawas kalawau.

Alelandhesan serat kekancangan Kepala Desa No. 12/KPTS/2017, ngengingi tim pamawas dinten dumadosipun Desa Ngipak, mila lajeng kasusun Tim Pamawas Dinten Dumadosipun Desa Ngipak wonten ing ngandhap punika :

Penanggung jawab : Bambang Setiawan, S.Pd.I.

Ketua : 1. Sunaryanto  
2. Rakimin

Sekretaris : Wahyu Sri Tumurun, S.Pd.

Anggota : 1. Samiyo  
2. Suroso  
3. Sukardi  
4. Paiman  
5. Suryadi  
6. Triman, S.IP.  
7. Samidi  
8. Tukiyat  
9. Patkhudin

Tim Pamawas kasebat, para paragonipun kapendhet saking wakil padhukuhan-padhukuhan wewengkon ing Desa Ngipak ingkang kawawas pono ing samukawis thek-kliwering Desa Ngipak.

Alelandhesan asiling panaliten dening tim pamawas sarta asiling imbal wacana anjangsana dhumateng para sesepuh ingkang pinitados ing Desa Ngipak, mila tim pamawas saged mendhet unusan kados ing ngandhap punika :

1. Panamton Warsa Dumadosing Desa Ngipak

Panamton warsa dumadosing Desa Ngipak kapethik saking riwayat adeging Desa Ngipak ing wacana ingkang nembe kewala kawaos. Bilih ing warsa 1920 pamarentah Walandi ngewahi tatanan paprentahan Kasultanan, kademangan dipun perang dados kalurahan-kalurahan, lan dumados wontenipun wilayah Kalurahan Ngipak, ingkang kapimpin dening Ki Lurah Kerto Yudo, ingkang dinten wiyosanipun Selasa Wage. Tim pamawas lajeng mendhet unusan saking riwayat kasebat, bilih warsa 1920 M. Minangka warsa dumadosing Desa Ngipak, lajeng katetepaken.

2. Panamton Wulan Dumadosing Desa Ngipak

Saking asiling pirembagan tim pamawas, saged kaunus bilih wulan dumadosing Desa Ngipak dipunsarujuki wulan Oktober, kanthi panglimbang :

- a. Wulan Oktober tansah anyarengi plethecking warsa enggal Hijriyah lan warsa enggal Saka.
- b. Ing wulan Oktober umumipun para kadang tani sami aso ing pakaryan tetanen. Pangangkahipun tim pamawas, sageda mangkenipun ngadani tanggap warsa mengeti dinten dumadosipun Desa Ngipak saged regeng awit mboten wancinipun hanyarengi pakaryan tetanen, awit saperangan ageng warganing Desa Ngipak kedadosan saking para among tani.

3. Panamton Tanggal Dumadosipun Desa Ngipak

Panamton tanggal dumadosipun Desa Ngipak kapethik saking riwayat wiyosanipun Ki Lurah Kerto Yudo. Bilih midherek petangan, dinten Selasa Wage ing wulan Oktober warsa 1920 M menika pas tanggal gangsal. Awit saking menika tim pamawas gadhah unusan bilih tanggal 5 Oktober menika tanggal wiyosanipun Desa Ngipak.

Kanthi dhasar unusan-unusan kasebat, tim pamawas lajeng Nayogyani bilih dinten dumadosipun Desa Ngipak dhumawah ing tanggal 5 Oktober 1920 M.

Kangge ngukuhaken panetepan dinten dumadosipun Desa Ngipak menika, mila lajeng kadamel nota kasepakatan ing antawisipun Pamarentah Desa Ngipak kaliyan BPD Desa Ngipak

kanthi Nomor : 1 Tahun 2017 lan tinanggalan 4 Mei 2017,  
ngengingi bab dinten dumadosipun Desa Ngipak.

Kanthi wontenipun nota kasepakatan menika mila ing  
saben tanggal 5 Oktober para warganing Desa Ngipak badhe sami  
mengeti lan ngagungkaken dinten menika. Wujuding pengetan  
menika minangka pratelaning raos syukur dhumateng Pangeran  
Kang Maha Tunggal awit sedaya peparingipun kanikmatan lan  
nugraha. Ugi kangge nelakaken raos pakurmatan dhumateng para  
leluhur duk ing nguni sami anjunjung adeging Desa Ngipak  
menika.

Makaten menggah wiwara riwayat lan panetepan dinten  
dumadosipun Desa Ngipak sampun kaaturaken, mugi menika  
sageda kinarya landhesan grengsenging pembangunan lahir lan  
batos ing Desa Ngipak murih raharja, bagya-mulya nggadhahi  
budaya luhur, manunggal cipta, rasa lan karsanipun, handayani  
wetahing persatuan lan kesatuan bangsa Indonesia, aamiin !!!